Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник

12+ № 18 (9929) 12 май 2023 с. / Рузман 22 Шаввал 1444 с. / багъа - эркенаб redakciya-chapar@mail.ru

## КIудияб Бергьенлъиялъе-78 сон!

# Пашманлъигун рохел цадахъаб байрам

Нилъ тIолаздаго лъала КIудияб Бергьенлъиялъул байрам нилъер улкаялъул халкъалъе бищунго хириял байрамазул цояблъунги пашманлъигун рохел цадахъаблъунги букIин. Гьеб гьединаблъун щай бугебали гьаниб рехсезе хIажалъи гьечIо, гьелъул хIакъалъулъ щибаб байрамалъул къоялъ гуребги бицунеб букIуна.



Гьаб соналъ, цересел соназ гIадин, гьеб нухда тIобитIиялъул къагIидаби цIунизе гьечIеблъиялъул хIакъалъулъ бицунги хъванги букIана, амма гьедин букIаниги, байрам кIодо гьабиялъул къимат дагьалъгIаги гIодобегIан ккечIо.

Районцоязда лъала байрам тIобитIи Дилим росулъ бугеб ЦIарлъаларев рагъу хъанасул памятникалъухъ байбихьулеб букIараблъи ва гьенисан киналниги байрамалда гIахьаллъулел росдал аслияб байданалде унел рукIараблъи. Гьаб соналъ гьеб памятникалъухъ данделъана районалъул киналниги гIуцIабазул вакилзаби.



Исана гьеб памятник цIигьабиялда тIад гIезегIанаб хIалтIи гьабуна ва гьеб жеги гьабизеги буго, щай абуни, гьенир лъурал мармаралъул хъарщазда хъварал районалдаса доб рагъулъ гIахьаллъаразул цIаразул сияхI жеги мухIканлъун гьечIо.

Гьале, тIаде щвана митинг рагьулеб ва памятникалде нух рагьулеб лента къотIулеб заман. Данделъи нухда бачуней ЦТКНРалъул специалист Аймесе ГIисаевалъ лента къотIиялъе ихтияр кьуна районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаевасе, Халкъияб Собраниялъул депутат М.Д. ГIумахановасе, ОМВДялъул начальник Юнус Хайрулаевасе ва Украиналда тIобитIулеб хасаб операциялъул гIахьалчи ГIалиасхIаб ХIажиевасе. Гьелдаса хадуб тадбиралъул гIахьалчагIаз памятникалда цере тIугьдузул горалги тIугьдулги лъуна.

Гьенив кIалъазе вахъарав ХIажимурад Мусаевас абуна: *«ХIурматиял районцоял! Гьаб байрам нилъее кинаблъун кколебали бицине ккеларо. Доб рагъулъ, цогидал камиял рикIкIинчIого, нилъее 27 миллион чи камуна, цого гьелъ бихьизабула кигIан захIматаблъун гьеб букIарабали. Нилъер районалдасаги гьеб рагъда, ахириял баяназда рекъон, 2787 чи гIахьаллъун вуго ва гьезул сияхI жеги тIубараблъун гьечIо.*

*Нилъедаги нилъер наслабаздаги киданиги кIочене бегьуларо КIудияб ВатIаниияб рагъда нилъер халкъалъ бихьизабураб къохIехьей, бахIарчилъи ва гьелъ босараб бергьенлъи. Нилъеда бихьула гьаб заманалдаги фашизм цIи гьабизе БакътIерхьул началихъазул бутIруз бахъулеб хIаракат. Гьез, Украинаги гьоркьобе бачун, нилъер улка загIипаблъун гьабиялъе кинабго гьабулебги буго, амма нилъ, нилъер умумулго гIадин, гьезие киданиги мутIигIлъизе гьечIо.*

*Дица нужеда баркула КIудияб Бергьенлъиялъе 78 сон тIубай. Гьарула нужее щулияб сахлъи, рохел, талихI ва тIад даимго роцIараб зоб. Гьединго, дица кинабго лъикIабщинаб, бергьенлъиги босун ва сах-саламатго тIадруссин гьарула СВОялда гIахьаллъулел районалъул гIолохъабазеги. Гьанибго мемориалияб комплекс хIадуризе буго СВОялъул гIахьалчагIазеги»*, - ян.

Районцоязда баркиялъул рагIаби гьенир абуна Мухтарпаша ГIумахановасги. ТIадехун рехсарав ГI. ХIажиевас районцоязда абуна СВОялда гIахьаллъулел районалъул гIолохъаби киданиги нахъе къазе гьечIин, ахиралде щвезегIан, Украиналда фашизм цIигьабиялде дандеги къеркьон ва бергьенлъиги босун, тIадруссинеги ругин.

ТIаде щвана митинг тIобитIиялъул заман. Гьеб байбихьулеб букIин данделъаразда лъазеги гьабун, тадбир нухда бачунев ЦТКНРалъул директорасул заместитель Рамазан Гъанищевас рагIи кьуна ХI.ХI. Мусаевасе. Памятникалъухъго гIадин, гьес къокъгьабун, бицана рагъда нилъер районалъул гIадамаз гьабураб гIахьаллъиялъул, гьезги тIолабго улкаялъул халкъалъги тушманасда тIад бергьенлъи босиялъе бахъараб хIаракаталъул, бихьизабураб бахIарчилъиялъул ва гьеб киданиги кIочон тезе бегьунгутIиялъул. Гьединго, гьес бицен гьабуна СВОялда гIахьаллъулел районалъул гIолохъабазул бахIарчилъиялъул хIакъалъулъги. КIалъаялъул ахиралда ХIажимурадица районцоязда байрам баркана ва гьезие лъикIабщинаб гьарана.



Гьесда хадур кIалъазе рахъарал Мухтарпаша ГIумахановас, районалъул рагъулав комиссар Арсен МухIамадовас, СВОялъул гIахьалчи ГIалиасхIаб ХIажиевас, СВОялда гIахьаллъулев 3 васасул эбел Зубайшат ХIажиевалъ ва цогидазги данделъаразе бицана байрамалъул бугеб кIваралъул, умумузул ишал кIочон тезе бегьуларелъиялъул ва гьел цIунулеллъунги гьезул нухдасан унеллъунги рукIине ккоблъиялъул.

Байрамалъе хаслъи, берцинлъи кьолеллъун гьенир рукIана рагъул заманалъул маршалгун кучIдул, Руслан Имамирзаевасул, Мухтар ХIайбулаевасул, МухIамад Дудуевасул, лицеялъул-, гун гимназиялъул, лъималазул искусствоялъул школалъул цIалдохъабазул церерахъинал. Рехсараз ахIаралгун рикIкIарал кучIдуз, гьарурал кьурдабаз рекIее асар гьабичIев чи гьенив хутIун ватиларо. Гьелъие нугIлъи гьабулеллъун гьенир рукIана гIадамазул гьурмазда бихьулеб разилъиялъул кунчIиги, тадбиралда хурхун, гьез цоцазе рикьулел пикрабиги.

Тадбиралъул гIахьалчагIаз, минуталъулаб сихIкъотIиялдалъун, ракIалде щвезаруна рагъда гIахьаллъарал тIолалго, гьединго, ОМВДялъул хIалтIухъабаз рагъухъабазул хIурматалда залпги кьуна.

Гьенир гIахьаллъарал, къокъаби ккун, росдал аслияб байданалде къокъана.

Нухдасан унелъул бихьулеб букIана, КIудияб Бергьенлъиялъул къоялда хурхун, бакI-бакIазда чIезарурал игIланаз, рарал байрахъаз, шараз ва цогидабщиналъ байрамалъе кьолеб хаслъи, гьеб байрам кIодо гьабиялъе районалъул администрациялъгун гIуцIабаз гьабураб гIезегIанаб хIалтIи.

Узухъда, митинг тIобитIизе хIадурараб аслияб байданги цIакъ берцин къачIан букIана. Гьанибго абун тезин, гьеб гьедин гIуцIиялда тIад хIалтIана АХЦялъул, ЦТКНРалъул специалистал ва цогидалги.

Гьенир данделъаразул ретIа-къаялъги, каранда рарал Георгиясулал лентазги, байрамалда хурхарал гIаламатазги, цоцазе гьарулел баркиязги бицунеб букIана кигIан хирияблъун байрам ккоелбали.

***Динара Батиева***

Гьаб номералда нужеца цIализе бегьула

гъум. 2 Районалъул 90
гъум. 3 газеталъе-сон!
гъум. 4 КIудияб Бергьенлъиялъе-78 сон!

# Районалъул газеталъе-90 сон!

## 90 соналъ халатбахъараб нухда...

ЧIахIиязда бихьун, гьоркьохъеб-гун гIисинаб гIелазда тарихалдаса ва биценаздаса лъала, хIуригатги бахъун, пачаясулаблъун букIараб нилъер улкаялда захIматчагIазул пачалихъ гIуцIун букIараблъи. Большевиказда бажарана дунялалъул 6-аб. бутIаялда жеги букIинчIеб гIуцIи чIезабизе.

Узухъда, гьелде данде чIун рукIана гIемерал церетIурал пачалихъал, гьезие нухмалъулел хIинкъун рукIана жидер халкъалъги нилъер нух тIаса бищиялда. Дол соназул тарихалдаса лъала нилъер ВатIаналда Гражданияб рагъ ва большевиказде данде чIараб «хъахIаб» армиялъе рехсарал пачалихъаз кумек гьабулеб букIараблъи.

Гьеб рагъулъ большевиказда кIвана захIматхалкъ цолъизабизе ва бергьенлъи босизе. Гьезда цIакъ лъикI бичIчIунаан жидеца гIуцIараб пачалихъ хIалхьиялда тезе гьечIеблъи, гьелъ, гьез хIаракат бахъана, тIоцебесеб иргаялда, халкъ хъвазегун цIализе лъалеблъун бахъинабизе, щай абуни, чара гьечIого, хIажат рукIана цIияб гIуцIи цебе бачунел гIалимзаби, специалистал, мугIалимзаби, тохтурзаби ва цогидалги. Гьелъие большевиказ рагьана школал, хъвазе, цIализе ругьун гьариялъул (гьезда ликбезалин абулаан) цогидалги бакIал.

Гьелда цадахъго, гьез бакI-бакIазда рагьана библиотекаби, байбихьана газеталгун журналал риччазе. (улкаялъул бетIерлъуде рачIаразда бичIчIунаан халкъалъухъе жидее хIажатаб информация кьеялъул бугеб кIвар).

КигIан рес гьечIолъиялда ругониги, гьез хIаракат бахъана телефоналъулгун радиоялъул бухьеналги чIезаризе. Гьедин гьабиялъги рес кьуна къокъаб заманалда хъвай-цIали лъалеблъун халкъалъул цIикIкIунисеб бутIа гьабизе.

Пачаясул заманалда рукIарал гIалимзабаз, хъвадарухъабаз, тарихчагIаз ва цогидазги Дагъистаналъул халкъ бецIаблъун, ай, хъвай-цIали лъалареблъун бихьизабулеб букIана, амма хIакъикъат гьелдаса гIемерго батIияб букIана. ХIуригат бахъилалде нилъер гьанир рукIана гIемерал мадрасал, гьенир ясаздацин Къуръан цIализе малъулаан. Бокьарасда лъала гьеб цIалиялъе гIараб алфавит лъазе кколеблъи.

Доб заманалда кинабго хъвай-хъвай, гIараб алфавитги хIалтIизабун, гьабулаан. МагIарул мацIалъ хъвадариялъе нилъер гIалимаз, хасгьабун, гIуцIараб гIажам алфавитги букIана. Кин букIун батаниги, ахиралда баянлъана нилъер гIадамазул 80% цIикIкIараб къадаралда хъвазеги цIализеги бажарулеб букIараблъи.

Гьай-гьай, большевиказул мурадлъун букIинчIо нилъеца гIараб мацIалъул алфавит хIалтIизаби, щай абуни, гьеб Къуръаналъул мацI букIун.

*«Дин-халкъалъе опиум», «Аллагь гьечIо»*,-ян киса-кирего ахIтIолел рукIарал гьезие гIараб алфавит нилъеца хIалтIизаби кинго рекIее гIолароан.

Баркиялъулаб адрес

*ХIурматияв Икрамудин Байбулатович!*

РакI-ракIалъ баркула дуда ва дур коллективалда районалъул газеталъе 90 сон тIубаялъулаб юбилей.

Хисулеб букIана улка, нилъер газеталъул къисматалдаги хъинтIана гьенир ккарал хиса-басиял, амма кин букIун батаниги, гьеб кидаго букIана районалъул гIадамазе политикаялъул, социалиябгун экономикияб рахъазул ва жамгIияб гIумрудул хIакъикъат къватIибе кьолеб информациялъул аслияб алатлъун. Хасаб кIвар гьелъ буссинабулеб букIана ва буго гIолеб гIелалъе патриотикияб тарбия кьеялдеги.

Гьарула нужер коллективалъе щулияб сахлъи, рохел, талихI, къалмил бегIерлъи ва гьарулел ишазулъ битIккей.

БукIаги нилъер газета бокьулеблъунги цIалулеблъунги.

*ХIурматгун «Казбек район» муниципалияб гIуцIиялъул бетIер ХI.ХI. Мусаев*

Дагъистаналъул цониги миллаталъул жиндирго алфавит букIинчIо, кириллицаялъул кьучIалда гьеб гIуцIиги жеги рикIкIад букIана, гьелъ, гIадамал ругьун гьарулел рукIана, цебегосеб латынь мацIалъул авфавиталъул кьучIалда, хъвазеги цIализеги.


Киналго улкабазул пролетарал, цолъе нуж!
Казбек колхозчи
РК ВКП(б)-лъул ва РИКалъул орган.
газет бахъулеб 6—сон.
№ 44 (320)
27 Август
1938 сон.
Цо номералъул багьа 5 копек


Киналго улкабазул пролетарал, цолъе нуж!
КОММУНИСТ
Казбек колхозияб производствалъул управлениялъул партийнияб комитеталъул ва захIматчагIазул депутатазул районнияб (росабазулаб) Советалъул исполкомалъул орган
Орган партийного комитета Казбековского производственного колхозного управления и исполкома районного (сельского) Совета депутатов трудящихся
Газета бахъулеб 1 аб. сон.
№120
Шамат, 1963 соналъул 28 декабрь.
Багьа 2 коп

Нилъер мацIалъе хасиятал хIарпазе (цI, кк, цц, кI, кь, къ, лъ ва гь.ц.) гьенир хасал гIаламатал лъезе бихьизабунги букIана. Гьедин букIиналъ, *«Казбек колхозчи»* цIаралда гъоркь, 1933 соналъул 15 апрелалда къватIибе биччараб газета *«латынь»* хIарпаздалъун хъван букIана.

Районалъул газета биччаялда тIад хIалтIана Гуни росулъа АхIмад Мансуров, къокъгьабун, гьесул хIаракаталдалъун байбихьана районалъул газета биччазе. Гьелдаса байбихьун, газета лъугьана районалъул гIадамазул трибуналъунги насихIатчилъунги. Рагъда цересел соназ цого районалъул газета букIана гIадамазухъе дунялалда, улкаялда, республикаялда ва районалда лъугьунел ишазул информация щвезабулеб алатлъун. ГIемерал балагьун чIун рукIунаан гьеб къватIибе лъугьиналъухъ. Гьедин кин абилареб, нижехъе щвана доб заманалда рахъулел рукIарал газетазул цо къадар. Латынь мацIалъул хIарпаздалъун хъван рукIаниги, гьел цIалиялъулъ захIмалъи нижеда дандчIвачIо, амма, политикаялда хурхарал макъалабазда цадахъго, цIаралги рехсон, гьенир къватIир чIвазарулел ругоан квешал, гIадамазулъ рукIине кколел гIамал-хасиятазде данде кколарел пишаби жиделъ ругел районалъул гIадамалги. Гьелде тIадеги, макъалаби хъвараз нухмалъулездаса тIалаб гьабулеб бугоан (прокуратура, суд ва гь.ц.)гьединал гIадамал тамихIалде цIай.

Гьединго, гьенир къватIир чIвазарулел рукIана хъизаналда гьоркьор кколел рагIи дандеккунгутIиялцин. Узухъда, макъалабазда цIарал рехсон рукIаниги, гьел хъваразул цIарал гьезда гъоркь гьечIо, щаяли бичIчIине захIматаб иш гуро.

Къокъгьабун абуни, гьел газетазда гIемерал макъалаби руго *«Унгоги, гьадинаб замангидай букIараб»*,-ан ракIалде ккезарулел.

Ниж гьитIинаб заманалдацин (гьеб букIана 1950-аб. соназул ахир) гIадамал данделъулел бакIаллъун рукIунаан клубги библиотекаги. Гьенире рачIунаан анцIанцI батIи-батIиял газеталгун журналал ва гIадамал гьел цIалулел ва гьезда тIасан жидерго пикру загьир гьабулел рукIунаан.

Гьединго, гьенир, чIей гьечIого, хIалтIулел радиоялги рукIунаан. Кинго ракIалдаса унаро, гьеб букIана 1961 соналъул 12 апрель, ниж библиотекаялда рукIана. Циндаго, радиоялдасан Юрий Левитаница лъазабуна Советияв инсан Юрий Гагарин космосалде воржанилан. Гьеб заманалда гIисиназулги чIахIиязулги рохалие гIорхъи букIинчIо, гьединаб букIана доб заман.

Газета биччазе байбихьарал араб гIасруялъул 30-аб. сонал кинал рукIаралали цебе чIезабизе захIматаб ишлъун кколаро. Жеги щулаго «хIатIазда» чIечIеб, гьанжего гьанже колхозал гIуцIизе байбихьараб, электростанциял, фабрикал, заводал ралеб, кинабгойин абухъего, къанагIатаб заманалда, гьоркьобкъотIи гьечIого, газета биччай, узухъда, бигьаяб ишлъун букIинчIо. Гьеб биччалезул захIмат цогидазул захIматалдаса бигьаябги букIинчIо. Гьелда тIад, цогидаб хIалтIиялда тIадго гIадин, гьабулебщинаб хIалтIи кверзулаб букIана.

Цебе чIезабе, чирхъил канлъухье, квераз хIарпалги рищун, гьезго станокги хIалтIизабун, заманалда газета къватIибе биччай кинаблъун букIарабали. Гьедин газета биччаялда тIад рагъда цересел соназ хIалтIана редакторал: Ибрагьим(Иба) Арсланбеков (тIоцевесев редактор), Раджаб Къурбанов, Къурбан ТIалхIатов (Хубар), ХIасан МухIамадов (Иха) ва ХIамзат Халидов (Буртунай).

Дол соназ информациялъул алатал дагьаб къадаралда рукIиналъ нилъер газеталда лъолел рукIана дунялалда, пачалихъалда, республикаялда ва районалда ккарал лъугьа- бахъиназул къокъабго информация. Гьедин гьабиялъ гIадамазе рес кьолаан киса-кирего лъугьунел ишазул хIакъикъат лъазе.

Советияб власталъ халкъалъухъе информация щвезабиялде кинаб кIвар кьолеб букIарабали бичIчIуна, дол захIматал рагъул соназцин, нилъер газета, гьоркьоб къотIичIого, къватIибе лъугьунеб букIараблъиялъ.

Цоги, доб заманалда газеталде гIумрудул батIи-батIиял рахъазда хурхарал макъалаби районалъул гIадамазул гIезегIанаб къадаралъ хъвалелги рукIун руго. Гьелъги бихьизабула печаталъул алатазде гIадамазул букIараб бербалагьи.

Рагъул ва гьелда хадусел соназ гIезегIанаб заманалъ газеталъул редакторлъун Буртунаялдаса Ибрагьим Утарбиев хIалтIана.1962 соналъул 5-аб. маялде щвезегIан, газеталъул цIар *«Казбек колхозчи»* букIана, гьеб хисана *«Коммунист»* абураб цIаралъ. Гьебго соналъ И. Утарбиевасул бакIалде редакторлъун вачIана Ленинградалда букIараб КПССалъул тIадегIанаб школалъул журналистазул факультеталда цIалулев вукIарав ГIабдулмутIалиб ХIайбаев. Гьев вукIана нилъер районалда цого-цо вукIарав СССРалъул журналистазул Союзалъул члени.

ГIабдулмутIалибица 29 соналъ нухмалъи гьабураб редакциялда, гьай-гьай, гIемерал хиса-басиял ккана. Гьесда цадахъ ракIбацIцIад, бажаризабун ва халатаб заманалъ хIалтIарал цо-цоязул цIарал гьанир рехсани, лъикIаб букIина.


ЧАПАР
Вестник
УЧРЕДИТЕЛЬ: Казбек районалъул халкъиял депутатазул Совет. Совет народных депутатов Казбековского района.
Газета бахъизе байбихьана 1933 сонил апрелалда
№ 103-4 (6363-4) ЩАМАТ, 31 АВГУСТ, 1991 с.
Багьа 4 коп.
Газета къватIибе биччала талат, хамиз ва щамат къояз авар мацIалда.
Газета выходит по вторникам, четвергам и субботам на аварском языке.

# Районалъул газеталъе-90 сон!



Раджаб Къурбанов



Къурбан ТIалхIатов



Ибрагьим Утарбиев



ГIабдулмутIалиб ХIайбаев



ГIабдурашид СалихIов

Гьел ккола ХIажимурад Джелеев, Бухарияв ГIалисултанов, МухIамадкамиль Шахбанов, Абулмуса Абакаров, МухIамадбег Абулаев, МухIамад Салатгереев ва цогидалги.

ГIабдулмутIалиб хIалхьиялде ун хадусан газеталъул редакторлъун ГIабдурашид СалихIов тIамуна (1991 сон), гьебго заманалда хисана газеталде цIарги, *«Коммунист»* цIарги хисун, гьелда *«Чапар»*,-ан цIар тана. Дагьалъ чIахIияб гIелалда лъала араб гIасруялъул 90-аб.сонал кинал рукIаралали.

СССРги биххун, демокра-



Париза Гереева

тиялъулаб пачалихъ гIуцIулеб заманалдаги, газеталъ араб гIас руялъул 30-аб. соназ жибго биччазе байбихьаралдаса ккураб аслиял пачалихъиял пикраби загьир гьариялъул нух рехон течIо. Киназего захIматаллъун рукIарал 90-аб. соназги хадусанги гьеб къеркьана ва къеркьолеб буго экстремизмалъулгун терроризмалъул идеологиялде дандеги.

Хасаб бакI ккуна гьелъ халкъалдагьоркьосел ва законалде данде кколарел яргъидгIуцIарал бандформированиялгун къеркьеялде гIадамал рахъинариялъулъги гьезул бахIарчиял ишал рагьиялъулъги.

2005 соналъ ГIабдурашидица редакторлъи тана ва гьесул бакIалде тIамуна районцоязда лъикI лъалей шагIир ва хъвадарухъан, Россиялъул хъвадарухъабазулгун журналистазул союзазул член Париза Гереева.

2008 соналъ гьей хисана Мухтар Чупалаевас. Гьесда хадусан, кIиго соналъ бетIерав редакторасул ишал тIуралейлъун Джамиля ГIабдулахIитова йикIана. 2021 соналъул маялда бетIерав редакторлъун Икрамудин Салимханов тIамуна.

Газеталъул жавабиял секретарзабазул сияхI рехсезе кIолеб гьечIо, щайгурелъул, цересел соназ, гьанже гIадин, газеталда редколлегиялъул членал рехсолел рукIунгутIиялъ. Цо-цо биценаздаса, ракIалдещвеяздаса гьеб хъулухъ бачаразул цIарал лъаниги, гьел кигIанаб заманалъ хIалтIулел рукIаралали лъазеги кIвечIо.

Руго хIужаби, гьединал гIадамал, хIалтIудасаги ун, цIидасан тIадруссаралги. Гьелъ цересел соназул жавабиял секретарзабазул цIарал рехсолел гьечIо.

Дун редакциялде хIалтIизе лъугьараб 2011 соналъ жавабияв секретарасул хIалтIи бачунеб букIана тIадехун рехсарай П.



Мухтар Чупалаев

Гереевалъ. Гьей нахъе ун хадусан, гьеб хъулухъ МухIамадбег Абулаевасда тIадбазабуна, гьев дицаги хисана.

Редакциялъ цо чанго бакI хи-



сизе ккана, ригьалъул гIадамазда гьеб цIакъ лъикI лъалеб батула. Гьедин букIаниги, кигIанги захIматаб заманалъ, газета къватIибе биччай гьоркьоб къотIичIо. Гьелъ бихьизабула газета биччаялда тIад, кинаб заман босаниги, ракIбацIцIадал ва жавабчилъи цIикIкIарал гIадамал хIалтIулел рукIараблъи.

1974 соналдаса байбихьун, редакциялда хIалтIулей Марьям АтавхIажиевалъ бицана: *«Дун редакциялде ячIун хадусан букIана заман анкьида жаниб газеталъул лъабго номер къватIибе биччазе кколебги ва газета гьелъулго типографиялда кьабулаан.*

*Щибаб макъала газеталда лъеялъе, хIарп- хIарп ккун, гьеб бищизе кколаан. Гьелъие хIалтIизарулел тIохьиялъул (свинец) хасал алатал рукIунаан. Гьелгун хIалтIулел нижер куц-мухъ танкистазул гIадинаблъун лъугьунаан. Цоги, заманалда газета къватIибе лъугьин мурадалда, мехелалъул (сутка) ригь батIа гьабичIого, хIалтIулаан. ХIадурараб газета станокалда кьабулезул хIалтIиги цIакъ захIматаб букIана. Кин букIаниги, нижеца газета заманалда къватIибе кьолаан.*

*КIикъоялда анцIиде гIагарарал соназ гьаний хIалтIулей дир мугъчIвайлъун кидаго букIана гъункараб, бичIчIен бугеб коллектив, гьеб рахъалъ дие битIунги ккана»*,-ян.

2011 соналъул ахиралда редакциялъул коллективалъулъе лъугьарав дида къокъабго заманалда бичIчIана Марьямица абулеб битIараблъун букIин.

Цересел соназул газетазул хал гьабураб заманалда бичIчIуна редколлегиялъулги районалъул гIадамазулги щулияб бухьен букIараблъи. Гьелъие нугIлъи гьабула гьезда рахъарал макъалабаз. Аслияб къагIидаялда, пачалихъалда хьвадизабулеб политикаялъул хIакъалъулъ хъвалеб букIаниги, гьенир кьолел руго захIматчагIазул (колхозникал, гIухьби, дояркаби ва гь.ц.) хIалтIудагун гIумруялда хурхарал макъалаби, къватIир чIвазарулел руго инсанасул хьвада-чIвадиялъулъ ругел, амма рекъей гьечIел гIамал-хасиятал.

Араб гIасруялъул 90-аб. соназ улкаялда ккарал хиса-басиязул хIасилалда, биххана СССР, хисана гIемерал соназ гIадамал ругьунаблъун букIараб система, къокъ гьабун абуни, бачIана заман бичIчIине захIматаб.

Узухъда, хисана дунялалдаго лъикIаллъун рикIкIунел рукIаралщинал рахъал (лъайкьейгун гьеб боси, медицина, культура ва гь.ц.), чучлъана информация щвеялъе рукIарал радиоялде, газеталгун журналаздехун букIараб бербалагьиги.

Телевидение, Интернет, телефонал ва цогидалги церетIеялъул технологиял раккаралдаса, лъалаго дагьлъана радиоялъухъ гIенеккулезул, библиотекабаздеги ун, газетал, журналал цIалуле-



Джамиля ГIабдулахIитова

зул къадар.

Ругел церетIеязде данде чIарав чи дун гуро, амма киналъего гIорхъи букIине кколеблъи дида цебего бичIчIун буго. Пачалихъалъе нухмалъулезда ахириял соназ бичIчIана рехсараб кинабгоялде бугеб бербалагьи хисизабичIони, улка биххизе бегьулеблъи. Хисулеб буго, дагьдагькккун бугониги, культураялде, лъайкьеялде, медицинаялде ва цогидал рахъаздехун бугеб бербалагьи.

Гьай-гьай, районалъул *«Чапар»* газеталъги, жинда цере рукIарал *«Казбек колхозчи»*, *«Коммунист»* газетал унел рукIараб нух рехон течIо. Гьелдаги рехсола улкаялъул, республикаялъул, районалъул политикаялъулъ кIвар бугеллъун кколел масъалабиги суалалги, гьединго, гьенир рукIуна захIматалъул, рагъул ветераназул, районалъул машгьурал гIадамазул гIумруялда, политикиябгун жамгIияб, социалиябгун экономикияб рахъазда, гIолеб гIелалъе лъайгун тарбия кьеялда, гьеб квешал пишабазде, хасго экстремизмалъул, терроризмалъул, наркоманиялъул нухде риччангутIиялда, миллиял маданиятгун адабият цIуниялда ва цогидалги рахъазда хурхарал



Икрамудин Салимханов

макъалаби.

Гьел киналго рахъал рагьиялъе нижее кумек гьабуна ва гьабулеб буго штаталда рукIинчIел ва ругел мухбирзаби: Камиль ЛахIитовас, Шиябодин Халидовас (ж.м.ч.) ва Умалат ГIабдулатIиповас (Калининаул), Зугьра Наврузовалъ (Ленинаул), СалихI СалихIовас (Гъизилюрт), Гъиримсултан Гъиримовас (Калининаул), Бесират Адуевалъ, Загьра УмалхIатовалъ (Гуни), Маржанат Мазаковалъ (Хубар), Мусакай Юнусовас (Гертма), ГIабдуразакъ МухIамадовас (ИчкIа), Асият Сурхаевалъ (Гъозтала), Шиявдин Яндаевас, Ибрагьим Булатхановас ва Насрула Алиукъаевас (Дилим).

Жакъа районалъул газета биччаялда тIад хIалтIулеб буго гъункараб, хIалтIулги гIумрудулги хIалбихьи бугеб, цере чIарал масъалаби ричIчIунеб коллектив.

Бокьун буго гьеб коллективалда, гьелъул кумекчагIи-штаталда гьечIел мухбирзабазда, *«Чапар»* хъвалелгун цIалулезда ракI-ракIалъ баркизе гIагараб газеталъул юбилей-90 сон тIубай, гьаризе гьелъие ва гьелъул гьудулзабазе сахлъи, рохел, талихI, къалмил бегIерлъи ва киналниги гьарулел ишазулъ битIккей.

*МухIамад-Шарип ГIабдулашимов*

*КIудияб Бергьенлъиялъе-78 сон!*

# Байрам кIодо гьабун...




2 маялда, районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаевасул тIадкъаялда рекъон, республикаялъул бетIерасул кумекчи Шамиль ГIалиевас ва гIолилазул министерствоялъ рахъ ккураб Бергьенлъиялъул байрахъ(копия) тIибитIизабиялъул тадбир тIобитIана *«Главрыба»* экотуркомплексалда гIагарда бугеб *«Нохъо»* абулеб бакIалда.

Физкультураялъулгун спорталъул, туризмалъул ва гIолилазда гьоркьор ишал гьариялъул хIалтIухъабазул хIаракаталдалъун тIобитIараб, КIудияб Бергьенлъиялъе 78 сон тIубаялда ва Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялда хурхинабураб гьеб тадбиралда гIахьаллъана тIадехун рехсараб министерствоялъул отделалъул начальник СагIид ХIажиев, районалъул администрациялъул аппараталъе нухмалъулей Марьям-Асият ХIамзатова, рагъулгун захIматалъул ветераназул Советалъул председатель Хункарби МухIамадхIабибов ва 40-ялдаса жидер къадар цIикIкIарал волонтёрал.

Гьенир кIалъараз тIадчIей гьабуна патриотикияб тарбия гIолеб гIелалъе кьеялъе гьединал тадбиразул бугеб кIваралда ва данделъаразда тIаде щолеб байрам баркана.

Гьелдаса хадуб волонтёраз акциялъул гIахьалчагIазегун хIухьбахъиялде рачIарал туристазе 300-ялдаса цIикIкIараб къадар Георгиясулал лентабазул бикьана.

Данделъи ахиралде щвана районалъул администрациялъул вакилзабаз гьенир гIахьаллъаразе баркала загьир гьабиялдалъун.

# «ХвелгьечIеб автополк» акция

Нилъер районалъул гIуцIабазда, батIи-батIиял цIаразда гъорькь, гIезегIанал тадбирал тIоритIана КIудияб Бергьенлъиялъе 78 сон тIубаялъул хIурматалда.

Лъалеб букIахъе, гьелъул хIакъалъулъ хъванги букIана, ахириял соназ тIобитIулеб букIараб *«ХвелгьечIеб* полк» акция тIобитIиялъулъ хиса-басиял гьарун рукIана. Гьелги хIисабалде росун, физкультураялъулгун спорталъул, туризмалъул



ва гIолилазда гьоркьор ишал гьариялъул отделалъул хIалтIухъабаз 5 маялда тIобитIана цебехун рехсараб акция.

Районалъул бетIер ХIажимурад Мусаевасул бихьизабиялда рекъон тIобитIараб гьеб тадбиралда гIахьаллъана районалъул администрациялъул, гIолилазул парламенталъул, *«Цогояб Россия»* партиялъул бакIалда бугеб отделениялъул, спортшколалъул, ЦТКНРалъул вакилзаби. Россиялъулгун Дагъистаналъул байрахъаз, ВатIанияб рагъулгун СВОялъул бахIарзазул суратаз къачIарал машинабазул колоналъ Дилим-Калининаул-Ленинаул-пост ГИБДД-Дилим нух нахъа тана.

Гьеб акциялда хурхун, гьабураб кIалъаялда районалъул *«Чапар»* газеталъул бетIерав редактор Икрамудин Салимхановас абуна: *«Жакъасеб акция тIобитIи ккола КIудияб ВатIанияб рагъулгун Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялъул бахIарзал ракIалде щвезариялдаги гьел кIочене гьечIеблъиялдаги хурхараблъун. РакIалде ккола гIолеб гIелалъги, нижедаса мисалги босун, гьеб гIадат гIодоб теларин, щай абуни, гьезул бахIарчилъиялъ цIунана ва цIунулеб буго рекъел»*,-ан.

***Ибрагьим Булатханов***

# «Георгиясулаб лента» акция

КIудияб Бергьенлъиялъул къо тIолабго нилъер улкаялъул халкъалъе бищунго хириял байрамазул цояблъун букIин, лъималазул ахазул гьитIичаздаса байбихьун, нилъ тIолаздаго лъала. Узухъда, гьелда хурхун, киса-кирего тIоритIула рохелгун магIу гьоркьор рукIунел батIи-батIиял тадбиралги. Гьезда гIахьаллъула жеги берцинго хIетIе босизе кIоларел гьитIичалги херлъиялъ гали тIамизе захIмалъулел харабиги.

Жеги байрам тIаде щвелалде, тIоритIулел гIемерал тадбиразул цояблъун ккола ТIолгороссиялъулаб *«Георгиясулаб лента»* акцияги. Нилъеда лъала рехсараб лента Россиялда рагъулаб бахIарчилъиялъулгун реццалъул гIаламатлъун гьабун




букIин. Гьеб лента тIоцебе баккана XVIII гIасруялда насранияб диналда карамалъи букIаравин бицунев Георгийил орденалда цадахъ.

3 маялда районалъул культураялъул Централда тIобитIана рехсараб акциялда хурхараб рохалилаб тадбир.

Централъул специалистаз гIуцIараб гьеб данделъиялда гIахьаллъана районалъул администрациялъул, *«Цогояб Россия»* партиялъул бакIалда бугеб отделениялъул, ЕИЦалъул, гIолилазул гIуцIабазул вакилзаби, лицеялъул мугIалимзабигун цIалдохъаби, №1 ва №2 лъималазул ахазул гьитIичалгун тарбиячагIи ва цогидалги.

КIалъазе рахъараз данделъиялъул гIахьалчагIазе бицана КIудияб Бергьенлъиялъул байрам кIодо гьаби, ВатIанияб рагъулъ гьеб босиялъе гIумру кьуразул, тIадруссарал умумузул къохIехьей, бахIарчилъи кIочене биччангутIилъун кколеблъиялъул, гIолеб гIелалъе гьел даимаб мисаллъун ругеблъиялъул, СВОялда гIахьаллъулел нилъер гIолилазги гьедин букIин бихьизабулеб бугеблъиялъул.

Тадбиралъе хаслъи кьолеллъун гьенир рукIана гьитIичазул ретIел, гьезгун цIалдохъабаз рикIкIарал ва ахIарал кучIдул.

Данделъиялъул ахиралда лицеялъул цIалдохъабаз гьенир гIахьаллъаразул каранда Георгиясулал лентаби рана. Берцин ва махщалида гьеб тадбир нухда бачана ЦТКНРалъул директорасул заместитель Рамазан Гъанищевас.

***МахIмуд ДавудхIажиев***

# БахIарчиял ишазе кидаго бакI букIуна

Нилъеда лъала, гьелъул гIемер бицуна ва хъвала, кинал рукIаниги байрамазде, гьезда хурхарал тадбирал тIоритIулеллъи. Гьезулъ хасаб бакI ккола, КIудияб Бергьенлъиялъул байрамалда хурхун, тIоритIулел тадбираз.

Дагьал церегIан соназ гьел тадбиразул тIоцебесеб бакIалда рукIунаан рагъул ветераналгун дандчIваял, амма…

Жеги рехсараб байрам байбихьизе заман букIаго, нилъер районалъул гIуцIабазда байбихьана гьелда хурхарал батIи-батIиял тадбирал тIоритIизе. Гьезул цояблъун букIанин абизе бегьула, макъалаялъул бетIералда рехсараб цIаралда гъорькь, ГIаркьухъ росдал библиотекаялда тIобитIараб данделъиги. Районалъул централияб библиотекаялъул директорасул заместитель МухIамадхIабиб МухIамадхIабибовасул хIаракаталдалъун, тIобитIараб гьеб тадбиралда гIахьаллъана чIахIиял классазул цIалдохъаби.

Росдал библиотекарь Парихан Гъайирбековалъ цIалдохъабазе бицана гьаб




заманалда дунялалда бугеб ахIвал-хIалалъул ва СВОялда гIахьаллъулел росуцоязул хIакъалъулъ.

Жиндирго иргаялда, М-хIабиб МухIамадхIабибовас гьениб бицана Украиналда власталде бендеровцал рачIиналъул, гьез гьенир гьарурал ва гьарулел вахIшиял ишазул. Гьес жинца бицунеб тасдикъ гьарулел гIемерал мисалал рачана ва цIалдохъабазул суалазе жавабал кьуна.

Тадбир ахиралде щвана данделъиялъул гIахьалчагIаз цадахъаб сурат бахъиялдалъун.

***Зульмира Адилмирзаева,ЦРБялъул директор***

**БетIерав редактор:**
И.Б.Салимханов
55-48-94
**Жавабияв секретарь:**
М.-Ш.Э. ГIабдулашимов

**Мухбирзаби:**
И.Р. Идрисов, Д.К. Батиева,
М.З. ДавудхIажиев
**Набор:** М.М. ХIайбаева
**Верстка:** М.А.АтавхIажиева
ва З.ХI ХIасанова
**Фотокорреспондент:**
М.-гI.ХI.ХIамидов

**Газета бахъизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда**
Типографиялъул адрес:
367032, РД,
МахIачхъала шагьар,
Насрутдиновасул проспект,1А

**Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.**
Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,
**Индекс:** 51354 Тираж-1523,
багьа-эркенаб

**Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола**